
MEMORANDÒM

POU: Komite Skolè a
YON MESAJ: Andrea Zayas, Direktè Prensipal Afè Akademik (Afè Skolè)
AK KOPI POU: Doktè Brenda Cassellius, Sipèentandan
Mary Dillman, Chèf Pèsonèl yo
Megan Costello, Konseye Prensipal
DAT LA: 17 mas, 2021
OSIJÈ: Aprantisaj Ete 2021

Vil Boston ak Lekòl Piblik Boston vize asire ke tout elèv gen yon plan pou ete a. Aswè a n ap bay yon rezime sou Inisyativ Aprantisaj Ete 2021 BPS la, k ap genyen ladan l kèk detay sou pwogram ete aktyèl yo, plan n genyen pou n founi kèk opòtinite an pèsòn, ak kèk done istorik sou afè enskripsyon. N ap revize pwogram ete nou yo pou domèn Edikasyon Timoun Piti, Edikasyon Espesyal, Elèv k ap Aprann Angle, Rekiperasyon Kredi, ak pwogram ki baze nan lekòl yo. Epitou, n ap prezante kèk detay konsènan travay n ap fè avèk patnè kominotè yo atravè 5yèm Trimès Akademi Aprantisaj Ete a, kan pwogram Anrichisman yo, pwogram "Learn and Earn Boston" an (yon pwogram kote elèv yo aprann pandan y ap touche kòb), Konsèy Endistri Prive yo, ak kèk lòt opòtinite anplwa pou jèn yo toupatou nan vil la. Antou, nou genyen 27.781 opòtinite ete nan moman sa a ki disponib pou elèv nou yo, prèske 5.000 opòtinite ete anplis pase sa n te genyen pandan ete 2019 la, avan pandemi a. Pandan aprantisaj ete aleka 2020 a, 44% nan elèv ki te patisipe yo te genyen andikap, 40% te Elèv k ap Aprann Angle, 38% te idantifye kòm nwa, pandanke 44% te idantifye kòm latinx. Vil Boston ap investi plis pase 16,5\$ milyon nan elèv nou yo pou opòtinite ete yo an 2021.

Enskripsyon pou Aprantisaj Ete Lekòl Piblik Boston yo ap ouvri avan mitan mwa avril. Ou kapab jwenn divès detay sou chak pwogram nou ofri toupatou nan vil la [nan lyen sa a](#).